# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव के सतवे अउर आखिरी फेरा बदे प्रदेस क तेरह सीटिनि पर परचा वापस लेवे के आजु आखिरी तारीख रहे। परचन क जांचि के बाद तेरहों सीटिनि पे 150 ओम्मेदवारन के परचा सही पावल गइल रहे जबकि 167 ओम्मेदवारन क परचा खारिज हो गइल रहे। आजु बनारस संसदीय क्षेत्र से राष्ट्रीय समाजवादी जनक्रान्ति पारटी का ओम्मेदवार पासरनाथ केसरी आपन परचा वापस लिहले। सतवा फेरा में महराजगंज, गोरखपुर, कुशीनगर, देवरिया, बांसगांव, घोसी, सलेमपुर, बलिया, गाजीपुर, चंदौली, वाराणसी, मिर्जापुर, अउर राबर्ट्सगंज लोकसभा सीट के सथहीं दुद्धी विधानसभा उपचुनावों बदे एक जून के वोट पड़ी।

**********

लोकसभा चुनाव के पंचवा, छठवां अउर सतवां फेरा के खातिर परचार अभियान जोरिया गइल हौ। काल्ही से परदेस में भाजपा क वरिष्ठ नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी  परचार कइ रहल हवे अउर आजु उहां के बाराबंकी, हमीरपुर अउर फतेहपुर में चुनावी रैली के संबोधित कइले। बाराबंकी में उहां के कांग्रेस के सथहीं टीएमसी अउर सपा गठबंधन पर फेरि हमला बोलले। श्री मोदी कहले कि सपा अब बंगाल में सरण ले चुकल हौ अउर ओकर गंठबधन खाली ओटबैंक अउर तुष्टिकरण के खातिर हौ। कल्हियों श्री मोदी भदोही में गठबंधन पर कटाक्ष करत कहले रहले कि सपा मुखिया खाली तुष्ठिकरण अउर ओठ बैंक बदे आपन नइकी बुआ ममता दीदी के साथे गठबंधन कइले हवे। बाराबंकी में पीएम कहले की कांग्रेस अउर सपा सत्ता में आइल त अजोध्या में राम मंदिर पर बुलडोजर चलवायी।

फतेहपुर जिला क रैली में पीएम मोदी कहले कि पहिले क सासनकाल में यूपी अपराध अउर भ्रष्टाचार बदे बदनाम रहे बकिर अब ई राज्य विकास में आगे हौ। हमिरपुर जिला में श्री मोदी कहले कि सरकार आवास दिहले के साथे गरीबन के फ्री रासन अउर फ्री इलाज क सुविधा दे रहल हौ। जबकि सपा अउर कांग्रेस क मंसा दलितन अउर पिछड़न के आरक्षण में सेंध लगवले क हौ। वरिष्ठ भाजपा नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बाराबंकी में पीएम मोदी के साथे मंच सांझा कइले के सथहीं बलरामपुर अउर अजोध्या में जनसभा के संबोधित कइले। उहां के कहली कि सपा अउर काग्रेंस तुष्टिकरण के नीति से देस के अस्थिरता अउर अराजकता के ओरि ले जाइल चाहत हौ।

**********

अमेठी में सपा प्रमुख अखिलेश यादव अउर कांग्रेस के पूर्व अध्यक्ष राहुल गांधी अमेठी से कांग्रेस ओम्मेदवार किशोरीलाल शर्मा के पक्ष में परचार कइले। अखिलेश यादव कहले कि भाजपा संविधान बदलले क कोसिस कइ रहल हौ बकिर गठबंधन एके सफल नाही होए देई। उहां के कहली की चारि फेरा के चुनाव में भाजपा चारो खाना चित हो गइल हौ। कांग्रेस के स्टार प्रचार राहुल गंधियो कहले कि भाजपा चाहे ले कि देस में सिर्फ 22–25 लोगे अमीर रहे अउर गरीब लोग गरीबे रहे। उहां के कहली कि इंण्डिया गठबंधन क सरकार बनले पर जनता के लखपति बनइहें।

**********

रायबरेली सीटि से चुनाव लड़ रहल कांग्रेस क सीनियर नेता राहुल गांधी के परचार में आजु कांग्रेस क पूर्व अध्यक्ष सोनिया गांधी, स्टार प्रचारक प्रियंका गांधी, सपा प्रमुख अखिलेश याादव के सथहीं दुन्नो पारटी क कई गो नेता संयुक्त रैली कइ रहल हवें। समाचार मिलले ले एहवां नेता लोगिन क सम्बोधन जारी रहल।

**********

ओहर बसपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष मायावती प्रतापगढ़ में एगो रैली में बसपा ओम्मेदवार के जितवले क अपीलि कइलिनि। उहां के भाजपा कांग्रेस अउर सपा पर निसाना साधत कहलीं कि ई तिन्नो पारटी ओट खातिर रासन क हथकंडा क इस्तेमाल कइ रहलि हइनि। उहां के कहलीं कि बहुजन समाज के लोगिन के जुमलेबाजी अउर नाटकबाजी से बचि के रहे के हौ।

**********

लोकसभा चुनाव का पचवां फेरा में बीस मई के कैसरगंज सीटि पर होखे वाले मतदान के देखत आजु संझा पांच बजे से बीस मई के मतदान खतम भइले ले बहराइच जिला से लागे वाला भारत–नेपाल सीमा के सील कइ दिहल गइल हौ। बहराइच क जिलाधिकारी मोनिका रानी बतउलिनि कि येह दौरान मेडिकल इमरजेंसी में पास जारी करे बदे एसएसबी कमांडेंट चाहे उनके ओरि से नामित सहायक सेनानायक स्तर क प्रतिनिधि के अधिकृत कइल गइल हौ।

**********

अजोध्या क जिलाधिकारी नितीश कुमार क नांव एशिया बुक ऑफ रिकॉर्ड्स में दरज हो गइल हौ। ई सम्मान उन्हें सरजू नदी में सबसे बड़हन पंवरत स्वीप मतदाता जागरूकता लोगो स्थापित करावे बदे दीहल गइल।

**********

पछिला तीनि दिन से प्रदेस के करीब सज्जो जिला भीसण गरमी के चपेटा में हौ। लगतारे तिसरका दिन्ने आजु जियादेतर जिलन में दिन क तापमान बेयालिस डिगिरी चाहे ओहसे बेसी रेकार्ड कइल गइल। मौसम विभाग आवे वाला तीनि दिन ले प्रदेस के ढेरि जिलन में तेज घाम निकरले अउर लुह चलले क चेतावनी जारी कइले हौ।

**********